

Kisa Pou Konnen sou Chèz Ranfòse

Poukisa yo trè enpòtan?


Chèz Ranfòse ede pwoteje timoun ki twò gwo pou yon chèz machin men ki twò piti pou yon senp senti sekirite.



Malgre ke senti sekirite yo pi si ke anyen ditou, timoun ki ta dwe chita nan chèz ranfòse men ki mete senti sekirite sèlman yo riske **blese grav nan vant, nan tèt ak nan kolòn vètebral** si yo ta gen yon aksidan.



Chèz ranfòse yo ka **redui ris** blese grav pa 45 pousan konpare ak senti sekirite pou kont li.




Aksidan machin* se **dezyèm koz prensipal** nan lanmò timoun 4 a 10 zan.



423 timoun nan tranch laj sa mouri nan aksidan machin* an 2021.

Omwen **37%** nan timoun sa yo t ap monte san yon kontrent ki te ka sove lavi yo.



* moun ki mouri nan machin

Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik Otowout 2021 *Sondaj Nasyonal sou Itilizasyon Chèz Ranfòse* te konstate ke pami timoun ki gen laj 4 - 7, sèlman 73.2 pousan nan timoun yo obsève yo te tache nan chèz machin ki bay sou devan oswa nan chèz ranfòse, pandan ke **16.1 pousan te prematireman pase nan senti sekirite ak 10.6 pousan pa t tache.**

Yon timoun ta dwe rete nan yon chèz ranfòse jiskaske li two gran pou chèz la antèm wotè oswa pwa selon manyèl enstriksyon pou chèz ranfòse a.

Boukle senti w nan chak trajè, a chak fwa, nan bon chèz la.

**SAFE
K:DS**
WORLDWIDE®